# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

केन्द्रीय कैबिनेट के बइठकी में आजु सरकार देस के लाखन करमचारियन आ पेंसनरन के बड़हन राहति देत महंगाई भत्ता में दुइ फीसदी क बढ़ोत्तरी के मंजूरी दे दिहले हौ। येह फैसिला के बाद अब महंगाई भत्ता अट्ठावन फीसदी से बढ़ि के साठि फीसदी हो गइल हौ। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव बइठकी के बाद एकर जनकारी देत बतवलें कि ई बढ़ोत्तरी एक जनौरी दुइ हजार छब्बीस से परभावित होई। उहां के बतवलीं कि एहसे करमचारियन क मासिक आय में बढ़ोत्तरी होई आ महंगाई के बिच्चे उनके आरथिक राहति मिली।

**केन्द्र सरकार के जितने भी कर्मचारी हैं और जितने पेंशनर्स हैं उनके लिये डीए और डीआर बढ़ाया गया, जिसकी टोटल लागत भारत सरकार को आयेगी 60 हजार सात सौ 91 करोड़ रूपिज। बेसिकली ये डीआर 1 जनवरी 2026 से 60 प्रतिशत ऑफ बेसिक पेय हो जायेगी। 2 प्रतिशत बढ़ाया है 58 से 60 हुआ है। 60 प्रतिशत ऑफ बेसिक पेय हो जायेगी। टोटल करीब पचास लाख एम्प्लाइज हैं और 68 लाख पेंशनर्स हैं भारत सरकार के। इन सबके लिये बहुत बड़ा बेनिफिशियल अवार्ड है।**

केंद्रीय मंत्रिमंडल विस्तारित समय–सीमा के साथे प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजना–3 के जारी रखलहू के मंजूरी दिहले हौ।

**आज जो फैसला लिया गया है उस फैसले में सबसे बड़ा परिवर्तन आया जो प्लेन एरियाज और विपेज एरियाज है उसमें टाइम का एक्सटेंशन प्लेन एरियाज में जो रोड सेन वेजेज हैं दोनों के लिये मार्च 2028 का समय–सीमा तय की गयी है। पीएमजी स्वायर–3 के लिये और जो पहाड़ी क्षेत्र है, हील एरियाज हैं उसमें रोड के लिये मार्च 2028 और वेजिज के लिये मार्च 2029 डिसाइड हुआ है इस प्रोग्राम के कम्पिट होने का टाइम**

बइठकी में दुइ गो रेल परियोजनों के मंजूरी दीहल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु राति साढ़े आठ बजे राष्ट्र के सम्बोधित करिहें। ई सम्बोधन अइसने समय पर हो रहल बा जब महिला आरक्षण से जुड़ल संविधान संसोधन विधेयक बिपक्षी दलन क समरथन नाही मिलले के नाते लोकसभा में दुइ तिहाई बहुमत हासिल कइले में बिफल रहल।

**********

केन्द्रीय महिला अउर बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी लोकसभा में संविधान (131वां संशोधन) विधेयक पारित नाही भइले पर कहलिनि कि कांग्रेस क रूख महिला लोगिन के हित के खिलाफ प्रतीत होत बा। आकाशवाणी समाचार से खास बातचीत में उहां के कहलीं कि देस भर क महिला एके बड़हन ओम्मेद से देखत रहलिनि।

**कांग्रेस महिला विरोधी है और कांग्रेस ने बहुत ही गलत किया है। पूरे हिन्दुस्तान की महिलाएं बहुत उम्मीदभरी निगाहों से देख रही थी। 2029 में उनको आने से रोका है। जिस तरह से इन्होंने विरोध किया है आने वाले समय में महिलाएं कहीं का इनको नही छोड़ेंगी।**

भाजपा क लोकसभा सदस्य बांसुरी स्वराज आरोप लगवलिनि कि कांग्रेस आ अउरियो बिपक्षी दल देस क महिला लोगिन के साथे बिस्वासघात कइले हवे।

केंद्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह कहलें कि सरकार विधानसभा आ लोकसभा में महिला लोगिन बदे तैंतीस फीसदी आरक्षण क प्रावधान करे वाला विधेयक महिला लोगिन के मजबूत बनावे बदे पेस कइले रहे।

**नारी शक्ति बिल जिस तरह से गिरा, यह कांग्रेस पार्टी का चरित्र है। प्रधानमंत्री जी ने एक ऐतिहासिक कदम उठाया, जो 50 प्रतिशत आबादी महिलाओं की है। उनको सशक्त करने के लिए 33 प्रतिशत का आरक्षण विधानसभा और लोकसभा में उन्होंने देने का प्रावधान लिखित दिया है और कांग्रेस पार्टी उसको गिरा के खुश हो रही है।**

भाजपा नेता, स्मृति ईरानियो कांगेस पर देस के महिला लोगिन क ओम्मेदन के ठेस पहुंचवले क आरोप लगवलिनि।

येह बिच्चे, कांग्रेस नेता प्रियंका गांधी दावा कइलिनि कि बिपक्ष भाजपा क अगुआई वाली सरकार क संघीय ढांचा के बदलले आ देस क लोकतांत्रिक संस्था के कमजोर कइले के कोसिस के बिफल कइ दिहले हवे। नई दिल्ली में पारटी मुख्यालय में एगो प्रेस कॉन्फ्रेंस के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि महिला ससक्तिकरण क सच्चा ओकालति बदे लगतारे प्रतिबद्धता क जरूरति बा आ ई खाली राजनीतिक दाव–पेच से हासिल नाहीं कइल जा सके ला।

**कल जो हुआ वो लोकतंत्र के लिए बहुत बडी जीत है, जो सरकार की साजिश थी। संघीय ढांचे को बदलने की, लोकतंत्र को कमजोर करने की। उसको हराया गया। यह संविधान की जीत थी, देश की जीत थी और विपक्ष की एकता की जीत थी।**

**********

आजु विश्व धरोहर दिवस हवे। ई दिन सांस्कृतिक आ प्राकृतिक बिरासति क विविधता, संवेदनसीलता आ महातम के बारे में जागरूकता के बढ़ावा देला। येह मौका पर प्रदेस के कई गो जिलन में कई तरह क जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल बा। उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला, केन्द्रीय संस्कृति आ पर्यटन मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर लोगिन के सुभकामना दिहले हवें।

**********